

Mata Pelajaran : BAHASA SUNDA
Waktu : 90 Menit
Kelas : VII

Nama :
No. Peserta :
Hari / Tanggal :

PETUNJUK UMUM:

1. Jawaban dikerjakan pada lembar jawaban yang telah disediakan.
2. Sebelum mengerjakan soal-soal tuliskan terlebih dahulu pada lembar jawaban ; nama dan kelas pada tempat yang telah disediakan.
3. Pilihlah jawaban yang tepat/ benar dan berilah tanda silang (X) pada huruf (*a, b, c, d atau e*) contoh : a b c d e
4. Jika terjadi kesalahan memilih jawaban, maka coretlah tanda X dengan dua garis lurus mendatar pada jawaban yang dianggap salah, kemudian berilah tanda X pada jawaban yang dianggap benar.
Contoh : b jawaban diubah menjadi : a
5. Memberi tanda X pada dua pilihan atau lebih untuk satu soal dianggap salah.
6. Berdo'alah sebelum bekerja.

Berilah tanda silang (x) pada salah satu huruf a, b, c, d, atau e pada jawaban yang paling tepat!

I. Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat !

1. Dongeng-dongeng seperti Si Kabayan, Tukang Cukur panipuan, Abu Nawas, minangka dongeng anu tokohna téh manusa biasa, éta dongeng kaasupna kana
A. Sasakala C. Farabel
B. Fabel D. Babad

MANUK GAGAK JEUNG MANUK GALEJRA

Jaman baheula mah cenah manuk galejra téh kungsi sosobatan jeung manuk gagak. Dina hiji poe, waktu maranehna keur nareangan hakaneun, gagak nenjo aya cabe beureum ker dipoe mayak dina samak. Manehna bet jorojoy boga pikiran jahat pikeun ngamangsa manuk galejra, carana nyaéta ku ngajakan paloba-loba ngadahar cabe téa. Tah, anu panglobana ngadahar cabe cenah menang ngamangsa baturana. Tangtu bae manuk gagak téh geus nyiapkeun cara licik pikeun nipu manuk galejra. Ku sabab manuk galejra teu boga pikiran goréng, ceuk panyangkana mah manuk gagak téh ukur banyol, nya dihaminan bae pangajakna.

Hore Di dieu nu meunang ! ayena andika rek dimangsa ku kaula, ceuk gagak

Manuk galejra kakara engeuh kana maksud jahat manuk gagak.

Nya heg wae, uing nohonan janji, tapi samemeh ngamangsa uing, beresihan heula pamatuk, sabab geus moal anu bireuk gagak mah sok ngahakanan barang najis.

2. Sempalan dongeng di luhur, lamun ditilik tina jenisna kaasup kana dongeng
A. Parabel B. Fabel C. Mite D. Sasakala
3. Kajadian anu kaalaman ku manuk gagak nepi ka paehna alatan kaduruk, dibalukarken ku
A. Sabar B. Jahat ka batur C. Bodo D. Bageur
4. Dongeng Manuk Gagak jeung Galejra lamun di cindekkeun eusina téh nyaritakeun.....
A. Cilaka ku polah sorangan C. Niat nu hade ka sasama
B. Jelema anu teu bisa dipercaya D. Jalma gede jeung jalma leutik
5. Tema nu kagambar tina eusi dongeng di luhur nyaéta
A. Silih asih B. Rasa nyaah C. Wawales D. Takdir
6. Di handap ieu minangka sipat anu kagambar ti manuk galejra
A. Deleka B. Sombong C. Beresih hate D. Jail ka batur
7. Tina carita Manuk Gagak jeung Galejra minangka pieunteungeun pikeun urang nyaéta
A. Sasama manusa kudu silih elingan, silih tulungan
B. Niat sarta lampah jahat ka batur bakal malindes ka diri sorangan
C. Jeung babaturan geus sakuduna silih bere, silih elingan
D. Kudu ikhlas mun mere ka batur, ulah hayang di wales harita
8. Lamun nitenan nu dilakukeun ku manuk gagak, hiji picontoen pikeun urang yen dina kahirupan téh kudu
A. Ngajauhkeun sipat jail kaaniaya ka batur C. Ulah pedit
B. Daek barangbere ka batur D. Ulah talangke

SASAKALA GUNUNG TANGKUBAN PARAHU

Sangkuriang ngagebeg barang nenjo di wetan geus bijil balebat téh. Manehna nu keur ngageduk ngangeskeun parahu tuluy ngahuleng bakating ku reuwas. Bijil balebat, éta tandana geus Berang. Mangka parahuna can anggeus, hartina manehna moal tulus pangantenan jeung Dayang Sumbi.

Bakating ku handeueul kabina-bina, ngan jedak bae parahuna ditajong sataker tanaga. Bubuhan jalma sakti., parahu téh mangpeng jauh pisan. Gubrag di hiji tempat, parahu téh

nantukub. Jleg salin rupa jadi gunung. Eta gunung teh kiwari katelag gunung Tangkuban parahu. Ari talaga anu ngemplang ku sangkuriang didupak bendunganana, tepi ka caina saat ngoletrak.

Eta urut talaga teh kiwari jadi padataran Bandung anu ngampar lega pisan.

9. Tina sempalan dongeng sasakala di luhur, hiji pesen moral anu hayang ditepikeun nyaeta

- A. Teu menang nyaah ka indung
- B. Nu dipigawe ku Sangkuriang teh rohaka pisan
- C. Niat sarta kalakuan anu salah mah moal diridoan ku Alloh
- D. Gunung Tangkuban parahu teh memang hasil karyaana Sangkuriang

10. tepi ka caina saat **ngolettrak**

Kecap ngolettrak miboga arti

- A. Batu wungkul
- B. Ukur saeutik
- C. Garing pisan
- D. Sakadar macak - macak

11. Di handap ieu minangka latar waktu anu kagambar dina sempalan dongeng di luhur nyaeta ...

- A. Balebat
- B. Beurang
- C. Kiwari
- D. Beh kulon

12. *Dina raraga mieling Poe basa Indung taun 2019. Paguyuban Nonoman Sunda Cinta Basa seja Ngayakeun pasanggiri nulis sajak sunda, anu marebutkeun Piala Gubernur jeung duit totalna Puluhan juta rupiah. Pikeun daftar pamilon katut informasi nu lewih jentre di sekretariat : Jalan Burangrang no 17 Bandung.*

Dina conto wawaran di luhur, informasi utama nu rek ditepikeun teh nyaeta

- A. Mieling poe basa indung
- B. Paguyuban nonoman sunda cinta basa
- C. Pasanggiri nulis sajak sunda
- D. Sekretariat di Jalan Burangrang no 17

13. Hayu urang ngajaga alam, sangkan alam ngajaga urang

Naon nu ka sawang tina maksud di luhur ?

- A. Lamun alam diruksak tanwande urang bakal keuna ku mamalana
- B. Lobana musibah mangrupa bencana alam teh balukar tina polah manusia
- C. Alam anu ka jaga bakal rea mere mangfaat keur urang sarerea
- D. Alam bakal mere mangfaat jeung musibah

14. Kalimah anu efektif minangka ajakan pikeun ngagunakeun jeung mikareureus kana basa sunda ...

- A. Nu ngarasa urang sunda kudu nyarita ku basa sunda
- B. Basa sunda, OK ! basa alay NO WAY !
- C. Hayu urang nyarita ku basa sunda, sangkan jati diri bangsa tetep kajaga !
- D. Basa sunda wajib dimumule ku sakumna urang sunda

15. *Dunya Lega ku sabab resep maca*

Kalimah di luhur kaasup kana

- A. Iklan layanan masyarakat
- B. Iklan miduli lingkungan
- C. Wawaran
- D. Iklan komersil

16. *Sabun akar wangi, warisan karuhun anu ngajadikeun kulit beresih, mulus tur sehat*

Topik tina iklan di luhur nyaeta

- A. Produk rumah tangga
- B. Produk kesehatan
- C. Produk kecantikan
- D. Produk kuliner tradisional

17. Wawaran anu kaasup kana iklan komersial nyaeta

- A. Hayu urang melak tatangkalan pikeun ngahejokeun sarakan urang
- B. Gebyar madrasah ajang pikeun ngagali prestasi
- C. Promosi ahir taun, turun harga 50% pikeun balanja sakabeh kabutuhan sakola di sunda mart
- D. Jalma wijak tangtu mayar pajak

18. Tujuan tina iklan layanan masyarakat nyaeta

- A. Mere informasi ngeunaan tata cara atawa aturan
- B. Ningkatkeun hasil ngajual produk di masyarakat
- C. Umajak ka masyarakat pikeun suksesna hiji program
- D. Ngainformasikeun hiji kajadian

19.

**Leuweung ruksak
Urang balangsak**

Tema tina iklan di luhur nyaeta

- A. Kasehatan masyarakat
- B. Paduli lingkungan
- C. Bencana alam
- D. Program keluarga bencana

20. Jalan – Datang – Tartib – di – Tujuan – Ka – Salamet

Susunan kecap – kecap di luhur anu marenah nyaeta

A . 1-3-4-5-7-6-2 B. 2-3-4-5-7-6-1 C. 3-4-1-7-2-6-5 D. 5-3-4-1-6-2-7

21. **MUARA**

anterkeun kuring ka gunung
rek nyusu cikahuripan
anu ngocor ngagolontor
rek neueulkuen ketug jajantung
kana galeuh kasucian
anu can baur kokotor
pulangkeun kuring kana pianakan indung
hayang nyeuseup mataholang katengtreman
anu teu weleh langgeng
manceran saendeng – endeng

Tema tina sajak di luhur nyaeta

A. Cinta asih C. kaendahan pagunungan
B. Indung D. rasa sono ka mangsa Bihari

22. Amanat anu hayang ditepikeun tina sajak diluhur nyaeta

A . Kudu ngabogaan rasa sukur C . kudu ngajaga alam
B . kudu nyaah ka indung D . ulah ngaruksak alam

23. Kecap pianakan anu aya dina sajak di luhur sarua hartina jeung

A . Beuteung C . Bali
B . Rahim D . puser

24 . Kumaha suasana anu kagambar tina eusi sajak di luhur ?

A. Bungah tur bagja C. Sono tur sedih
B . Bingung D . Ambek kacida

KULON JEUNG WETAN

Dina hambalan batu susun candi prambanan
Arca arca bluk blak mukaan lontar sajarah
Tinghaleuang medar pajar nu geus puyar
Turis asing gigireun maruleng bengong

Bus ka hotel dina kaset rageg anjing
Horeng dulur ngahaleuang lagu deungeun
Turis asing asal bengong seuri koneng
Nu ti kulon ber ka wetan neteangan
Nu ti wetan los ka kulon tuturutan

25 . Kecap nu ngandung harti konotatif tina sempalan sajak diluhur nyaeta

A . Mukaan lontar C. Dulur ngahaleang
B . Rageg anjing D. Maruleng bengong

26 . Kecap seuri koneng mibanda harti

A . Seuri kapaksa B. Seuri bari era C. Seuri ngahih D. Seuri ditahan

27. Gaya Bahasa personifikasi aya dina kalimah

A .Arca – arca bluk blak mukaan lontar sajarah C. Horeng dulur ngahaleuang lagu dengeun
B. Turis asing gigireun maruleng bengong D. Dina hambalan batu susun candi prambanan

28 . Kecap ngahaleuang miboga harti

A . Ngagorowok B. Ngawih C. Ngagentraan D. Nyarita

29 .Sajak anu eusina nyaritakeun kaagungan Alloh

A . Kacipta keneh sagala – galana C. Nyawang ti lebah suhunan
Basa urang ngobrol ku basa sunda breh katingal lengkob Lembang
Di kota anjeun Bandung lucu Situ Umar
B . Pohara hebatna duh matak tibelat D . Wanci layung hurung koneng
Mun pajar di wetan geus balebat manehna datang dipapag cimata indung
Mun ajeg rajeg samadhab papat sedeng na beungeutna
Sajuta saf ? Taya gambar rasa tugenah

30 . Sajak anu temana ngeunaan kaendahan alam nyaeta

A . Tuluy pamayang ancrub ka laut C. Mun peuting nya angina peuting
Pasang jarring nilar basisir mun heman nyimbutan
Parahu ngangkleung nurutkeun wirahma
lambak mun beurang nya panas beurang

- Bulan imut sapeuting jeput mun tuhu maturan
 B . Pare mulus lega dada D. Jalan ka imahna , tingjarentul
 Hate bapa papak mega batu koral batu taringgu;
 Kurulung angklung poe senen diburuan kembang srangenge
 Leuwih keru batan nu ligar nu

31. Dina macakeun sajak atawa deklamasi urang kudu merhatikeun padika nu patali jeung teknik, Diantarana.....

- A . Ekspresi atawa riuk anu marenah , peta atawa rengkak anu pas, sarta wirahma sora
 B . Teks anu katar, gerakan atawa pepeta, sora anu ngagalindeng
 C . Alur, watek jeung eusi sajak
 D . Palaku, wirahma, peta atawa gerakan

32.  € Aksara ngalagena di gigir dibacana

- A . Cahaya B. Baraya C. Tatabasa D. Balaka
 33 . Robahna sora a jadi i dine kecap malati (€ŋ) ngagunakeun tanda swara
 A . Panyecek B. Panglayar C. Panyuku D. Panghulu

34 .Ngaran pakakas di handap ieu lamun ditulis ngagunakeun aksara sunda nyaeta ...

- A .  B.  C.  D. 



35 .Cara nulis kecap “ nyaah ka indung “ anu bener nyaeta

- A . W377ZZ B. W3EN77ZZ4 C. WUHZZI4 D. WE377ZZ4

36. 77GNNN77ZG,O.....

Kecap anu marenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaeta

- A . 47B B. WU C. 3Z77'; D. 34,'

37. Kalimah nyiar elmu lamun ditulis dina aksara sunda nyaeta

- A . **W33'NQ** B. WE373ENJ C. WE3NJK D. Z"3SNU

38. HUNZlthgf rarangken anu digunakeun dina eta kalimah nyaeta

- A .Pamaeh, panolong, panyecek, pangwisad C. Paneleung, panolong, pamingkal
 B. Panolong, panghulu, pangwisad, paneuleung D. Pamaeh, paneuleung, panyakra

39. Cik sebutan kecap – kecap anu aya dina tabel di handap ieu

1	2	3	4
nw	bza	awn	anrg

- A . Bayar, buku, kamana, salaka C. Bayar, gunting, sakoci, salaki
 B . Layar, puntung, sabuku, sahiji D. Layar, gunting, sabuku, sakoci
 40 . Angka z7' dina aksara sunda dibacana
 A . 24 B. 25 C. 26 D. 27